



Gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza ni iki (SETS)

IMPINDUKA Z'IBIKORWA KUBERA COVID-19

Imfashanyo ishingiyeye ku gushikisha abantu hisunzwe urutonde rwo gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza birabandanya ku banywanyi muri iki gihe c'ikiza ca COVID-19 cadutse. Yamara, uburyo ivyo bikorwa bitangwa burashobora guhinduka bivanye n'impanuro zitangwa n'abajejwe amagara y'abantu ku rwego rw'igihugu.

Muri iki gihe, abantu benshi bakora ivyo bikorwa bariko barafasha abanywanyi bakoresheje telefone canke ubuhinga ngurukanabumenyi. Rimwe na rimwe, abatanga ivyo bikorwa barashobora guhura amaso mu yandi n'abo banywanyi kubera ibibazo vyihutirwa canke igihe guhurira ku murongo bidakunda.

Abatanga ivyo bikorwa bashobora gukoresha abasobanuzi kuri telefone ku banywanyi batavugaga Ikingereza neza.

Iga ivyerekeranye na **COVID-19 hamwe n'ibimenyetso vyayo**.

Urutonde rwo gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza ni iki (SETS)?

Gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza (SETS) ni urutonde rw'igihugu cose rwo gutorera umuti no guhangana n'ibibazo vyo gushikisha abimukira bemerewe kuba muri Australia. Urwo rutonde rugamije kugira ico rwunguye abimukira kugira ngo bashinge imizi mu kibano, mu vy'ubutunzi abimukira kandi bagire imigenderanire n'ikibano.

Hariho ibintu bibiri bigize urwo rutonde:

- *Gushigikira abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS* – ibikorwa vy'abanywanyi biha abanywanyi inkuru zijanye n'ugushinga imizi muri Australia, impanuro, kubavugira kandi no kubashigikira kugira ngo bashikire ibikorwa bimwe bimwe bipfuzwa.
- *Gushigikira abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS* – kwubaka ubushobozi bw'ikibano *Community Capacity Building* bifasha imirwi mishasha y'ikibano gishasha n'amashirahamwe mashasha kugira ngo bafashe ibibano babamwo maze ingaruka zo gushinga imizi zibone kuboneka no kurama muri kazozo.

Ibikorwa vyo gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS itanga ni ibihe?

Abatanga ibikorwa vyo gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS bashobora kugufasha mu kuguha inkuru n'impanuro ku bibazo bitari bike harimwo ukwiga, ukubandanya amashuri, kumenya Ikingereza hamwe n'ukugufasha ku bijanye n'ururimi, akazi, inzu, amagara n'ukubaho neza, umuryango n'ugushigikirwa n'ikibano, ukwiyunguruza, kugira uruhara mu vy'igihugu hamwe n'ibibazo bijanye n'amategeko.

Mu bwoko bw'ivyo bikorwa harimwo nk'akarorero, imirwi ikorera hamwe ibikorwa abanyeshuri bahawe kw'ishuri, urutonde rwo kwigisha abantu kunyonga imiduga, amagara y'abagore hamwe n'imirwi yo gukangurira abantu gukora ibintu kanaka, uburyo buriho bwo kwiga kuvuga Ikingereza, ivyigwa vyo kwitegura gukora akazi kose kabonetse harimwo no kurondera akazi muri Australia, uburyo bifata iyo bariko barishura ibibazo bibaha kuronka akazi hamwe no kwandika ivyo umuntu yacyemwo n'ivyo ashoboye.

Imfashanyo irashobora kandi gutangwa ku mirwi y'ibibano hamwe no ku barongozi b'ikibano kugira ngo bigufashe kugarukira abanywanyi bo mu kibano cawe.

Abatanga ivyo bikorwa barashobora kandi kukurungika ku bandi bantu bakora ibindi bikorwa kugira ngo bagufashe ikibazo ico ari co cose ushobora kuba ufise.

Noba nemerewe kuba muri abo baronka iyo mfashanyo y'ivyo bikorwa?

Gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS – ibikorwa vy'abanywanyi bitangwa ku bimukira mu myaka yabo ya mbere itanu y'ubuzima bwo muri Australia muri ibi bikurikira:

- Abinjira baje gutabara
- Abimukira nk'imiryango batavuga neza ururimi rw'Ikingereza
- Ababeshejweho n'abimukira baje kubera ubwenge n'ubuhinga bwabo mu burere no mu micungararo ariko bakaba batavuga neza Ikingereza
- Abantu barobanuwe bafise visa mfatakibanza (bagomba kuzohava bubakana hamwe na visa mfatakibanza ku babeshejweho na bo) mu turere two mu caru no mu bindi birere ariko bavuga Ikingereza gikeya cane.

Gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS – kwubaka ubushobozi bw'ikibano bushingiyeye cane ku bantu bashasha no ku moko afise ico yisangije:

- Ibibano, abarongozi b'ikibano hamwe n'abaserukira ibibano bishasha biriko biravuka, hamwe n'
- Amashirahamwe afise aho ageza mugukora.

Noronka he izindi nkuru zerekeranye n'ibikorwa vyo gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS?

Kugira ngo uronke uwutanga ibikorwa vyo gushikisha abantu n'imfashanyo mfatakibanza SETS mu karere urimwo tabaranya uje [ngaha](#) maze wugurure kuri abo batanga ivyo bikorwa. Umaze gutora uwutanga ivyo bikorwa mu karere urimwo, gerageza urondere kuri internet urubuga ngurukanabumenyi rw'uwo atanga ivyo bikorwa. Abatanga ibikorwa SETS barafise inkuru z'ukugene ushobora kubaronka neza ku buhinga ngurukanabumenyi bwabo.